



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 2/18/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE ALYANS NEW TASTE NY AK BARCLAYS CENTER NAN BROOKLYN**

### ***Lokal pou Espò ak Lwazi Ki renome nan lemonn fè Pwomosyon pou Endistri Bwason New York la kap Grandi***

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke Taste NY ap asosye ak Barclays Center, ki se yon kay pou Brooklyn Nets ak New York Islanders, dekwa pou yo ogmante pwomosyon pwodiktè bwason atizanal yo. Alyans lan prezante lansman nouvo epi premye Ba Taste NY, ki bay apeprè de milyon vizitè Barclays Center chak ane yon chwa konplè pwodwi New York ki soti nan tout rejyon ak eta a nan Sant Barclays yo apeprè de milyon vizitè chak ane.

“Bwason atizanal New York se kèk nan pi bon bwason nan endistri a – epi atravè nouvo patenarya sa, nou pral montre yo bay plis kliyan ke anvan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ba Taste NY nan Barclays Center pral bay vizitè yo chans pou pwofite kèk nan pi gwo byè, diven ak bwason ki gen alkòl ke eta sa gen pou ofri. Bagay sa se pou fè konnen pi byen pwodiktè bwason atizanal yo epi eksite kwasans ekonomik atravè eta a epi mwen kontan wè patenarya sa vanse pou pi devan.”

**Brett Yormark, Direktè Jeneral Espò & Lwazi nan Brooklyn te deklare** “Nou onore pou nou mete nou ak Gouvènè Cuomo pou fè inogirasyon Ba Taste NY la. Taste NY se yon gwo adisyon nan pwogram nou pou Goute nan Brooklyn, platfòm kilinè Barclays Center ki prezante 55 restoran ak machann manje popilè nan Brooklyn epi ki ranfòse angajman nou pou apwovizyone nou nan men pwodiktè lokal yo.”

Akò Taste NY- Barclays Center se yon pati nan pwomès Gouvènè a te fè nan twazyèm Somè pou Diven, Byè, Bwason ki gen alkòl ak Sid pou li kontinye bay sipò epi bay resous pou endistri sa kap grandi.

Ba Taste NY la sitiye nan yon bon jan kote nan lokal la—nan pasaj prensipal la bò kote antre prensipal la. Pou fè pwomosyon Ba a, mesaj ki gen mak fabrik Taste NY pral parèt sou plis pase 700 ekran HDTV ak LED nan zòn konsesyon yo epi nan tout plas la, li enkli stad ak Oculus la —gwo siy LED a ki gen 3.000 pye kare e ki andeyò antre prensipal Barclays Center. Ba Taste NY la pral parèt tou sou BCTV—yon rezo videyo entènèt pèsonalize anndan stad la ki montre egzakteman evènman stad la ak kominote Brooklyn nan. Pwogram BCTV a parèt nan HDTV lokal la anvan epi aprè evènman yo, ansanm ak sou entènèt nan [BarclaysCenter.com](http://BarclaysCenter.com).

Barclays Center pral tounen tou yon plas pou pwodiktè endistri yo angaje epi konekte ak fanatik ak kliyan yo. Partenarya a bay opòtinite pou prodiktè Taste NY yo òganize seminè ospitalite ak rezo avèk distribitè yo.

**Prezidan Empire State Development, Direktè Jeneral & Komisyonè Howard Zemsky te deklare,** “Vant total brit nan inisyativ Taste NY Gouvènè a vin twa fwa lavalè, li ogmante soti nan \$1.5 milyon dola ameriken de zan de sa rive nan plis ke \$4.5 milyon dola ameriken ane ki sot pase a epi li bay sipò pou antrepriz agrikòl ak fabrikan bwason atizanal toupatou nan eta a. Atravè yon nouvo patenarya ak Barclays Center, nou pral kontinye grandi endistri a lè nou ankouraje santèn milye moun New York ak vizitè jwi pwodwi Empire State ki grandi lokal nan evènman yo ki fèt pandan tout ane a.”

**Komisyonè Depatman Agrikilti ak Mache Eta Richard A. Ball te deklare:** “Inisyativ Taste NY Gouvènè a konsantre sou ede kiltivatè ak pwodiktè nou yo atenn nouvo kliyan epi fè pwomosyon pou antrepwiz agrikòl nou pou grandi ekonomi an. Nouvo patenarya inovatif sa ak Barclays Center—ki se yon lokal ki te akeyi plis pase sis milyon vizitè depi li te louvri nan mwa Septanm 2012— se yon opòtinite enkwayab pou fè tout je vire gade pwodiktè bwason atizanal nou yo epi fè endistri a rive nan yon nivo siperyè.”

**Brian McKenzie, Prezidan NYS Distillers Guild te deklare,** “NYS Distillers Guild la trè kontan pou fè pati inisyativ Taste NY la nan Barclays Center. Opòtinite pou montre pwodwi nou yo ki gen alkòl nan yon plas ki si deklas pral ede kontinye ranfòse endistri nou epi, nou panse ke lokal la pral atire vizitè kap chèche pou manje ak bwason ki fèt lokalman.”

**Paul Leone, Direktè Egzekitif New York State Brewers Association te deklare** “Nap toujou eseye jwenn fason pou komèsyalize pwodwi Eta New York bay kliyan eta sa. Lè nou asosye ak yon etablisman klas mondyal tankou Barclays Center, se tout bon vre yon fason inovatif epi kreyatif pou sansibilize moun pou endistri nou an. Nou bat bravo yon lòt fwa ankò pou Gouvènè Cuomo ak Taste NY difèt ke yo mete yo alatèt pou fè pwomosyon endistri bwason atizanal nan New York atravè jefò sa.”

**Jenn Smith, Direktè Cider Association New York te deklare** “Barclays Center bati sou eksperyans envite premye klas epi, Ba Taste NY ofri bwason atizanal premye klas. Sidr la bay yon lòt opsyon nan evènman espò ak lwazi yo. Antanke kategori bwason atizanal ki grandi vit nan nasyon an epi yon fòs pou devlopman ekonomik Eta New York, sid la se yon pwodwi natirèl pou enkli lè wap ofri bwason nan Ba Taste NY la. Nou kontan pou nou jwenn chans sa.”

**Jim Trezise, Prezidan New York Wine & Grape Foundation te deklare** “Depi lè li te kòmanse, Taste NY te soutni yon kantite opòtinite patenarya divès epi nou kontan anpil pou adisyon diven New York yo nan gran lokal pou espò ak lwazi sa. Ba Taste NY nan Barclays Center se yon opòtinite trè enteresan pou endistri diven New York la epi nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Taste NY difèt ke yo pèmèt sa rive.”

## **Osijè Barclays Center**

Barclays Center te louvri 28 Septanm 2012 e li se yon gran lokal pou espò ak lwazi nan mitan Brooklyn, New York. Kòm youn nan konfigirasyon kote yo ka chita ki pi entim ke yo janm fè nan yon stad modèn miltifonksyonèl, Barclays Center ofri 17.732 plas pou baskètbòl, 15.795 pou oki epi jiska 19.000 plas pou konsè epi li gen 101 swit liksye, kat ba/salon, kat klèb ak 40/40 CLUB & Restoran pa American Express.

Barclays Center akeyi yon gran varyete evènman ki enkli konsè premye ran, gwo kat pou bòks pwofesyonèl, gwo kalite baskètbòl kolèj, espektak pou fanmi, Brooklyn Nets ak New York Islanders yo.

Barclays Center chanje sa yo rele sèvis kliyantèl ak eksperyans kilinè nan stad la. Plis pase 2.000 anplwaye li yo jwenn fòmasyon nan Disney Institute, branch konseye pou biznis Walt Disney Company epi, pwogram manje BrooklynTaste™ la prezante seleksyon ki soti nan 55 restoran renome ak machann nan awondisman an.

## **Enfòmasyon sou Taste NY**

Gouvènè Cuomo te lanse Taste NY nan 2013 pou ankouraje endistri manje ak bwason New York. Depatman Agrikilti ak Mache sipèvize l e li te kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo montre pwodui yo nan gwo aktivite piblik, tankou Gwo Fwa Eta New York. Pwogram lan te ouvè tou magazen nan arè repo otowout ak sant transpòtasyon yo, pèmèt vwayajè yo achte pwodui ki fèt nan Eta New York ak pwodui ki fèt lokal. Apeprè 1,100 konpayi lokal te patisipe nan opòtinite sa yo, plis relye pwodui yo ak mache manje ak bwason eta kap grandi a konsomatè yo toupatou nan mond lan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418